Department of Public Health
CITY OF PHILADELPHIA

# COVID-19, RSV, ak Grip Sezon

## Sentòm viris respiratwa yo


Lafyèv


Frison


Fatig


Tous


Maltèt

## Mwayen prensipal pou anpeche maladi


Vaksen yo


Ijyèn


Tretman


Rete lakay ou epi Evite Pwopagasyon


Etap pou yon Lè ki Pi Pwòp

**Si w santi w malad, rete lakay ou epi rete lwen lòt moun pandan 24 èdtan jiskaske ALAFWA:**


**Sentòm ou yo amelyore**

+


**Ou pa gen lafyèv (san w pa pran medikaman)**

⚠ **Lè sa, pran prekosyon anplis pandan pwochen 5 jou yo.**

## Lòt fason anplis pou anpeche maladi


Mask yo


Tès yo

**Itilize lòt estrateji lè:**

- Anpil moun nan kominote w vin malad.
- Oumenm oswa moun ki bò kote w yo te ekspoze resaman, malad oswa ap refè.
- Oumenm oswa moun ki bò kote w yo gen plis risk pou vin malad gravman.

## Moun ki gen plis risk pou yo vin malad gravman


Moun aje yo


Tibebe ak timoun mwens ke 5 lane


Moun ki gen andikap


Moun ki ansent


Moun ki gen sèten pwoblèm sante


Moun ki gen sistèm iminitè febli

# Resous pou COVID-19, RSV, ak Grip Sezon

**Kèk Ti Rezime sou Vaksen**

Yo mete vaksen kont grip la ajou chak ane pou pwoteje kont tip grip yo prevwa kòm tip ki pi kouran.

- Vaksen COVID-19 mizajou yo kreye pou pwoteje kont tip/varyant pi resan nan viris la.
- Vaksen kont RSV yo pwoteje tibebe ak granmoun laj 50 lane oswa plis kont enfeksyon grav RSV.

**Jwenn Plis Enfòmasyon sou Vaksen yo**

bit.ly/FluPHL
bit.ly/COVIDvaxPHL
bit.ly/RSVvaxPHL



***Kontakte founisè swen sante w si w gen kesyon sou vaksen yo oswa si w santi w malad.***

**Jwenn yon Founisè Swen Sante**

Li enpòtan pou w gen yon founisè swen prensipal ou fè konfyans pou ede w rete an sante pandan tout sezon otòn lanu si w gen yon pwoblèm sante kwonik.

Sèvi ak **zouti lokalizatè swen jeneral la (Primary Care Finder)** nan **www.phila.gov/primary-care** pou jwenn swen medikal gratis oswa bon mache, menm si w pa gen asirans.

**Chèche dapre lang, anplasman, espesyalite ak plis ankò.**

**Mande Depatman Sante a**

Pou plis enfòmasyon oswa si w gen nenpòt kesyon, rele sant dapèl depatman sante piblik Filadèlfi a (Philadelphia Department of Public Health Call Center) nan **215-685-5488**, louvri **Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. - 5:00 p.m.**

Pou entèpretasyon, **peze 2** pou Panyòl;
**peze 3** pou entèpretasyon nan lang pa w.
**Konpoze 711** pou **èd TRS/TTY**.

---

Pwogram preparasyon pou sante piblik la (Public Health Preparedness Program) ede kominote yo prepare epi reyaji ak ijans sante piblik yo grasa fòmasyon kominotè yo, tablo resous yo, epi kontak dirèk depòtanpòt. Nou ka vini nan kominote w la! Vizite sit entènèt nou an nan **bit.ly/PDPHPreparednessOutreach**.

Pou kopi enprime depliyan sa a, pou kesyon, oswa pwoblèm avèk tradiksyon an, voye yon imèl ban nou nan **PublicHealthPreparedness@phila.gov** oswa kite yon mesaj nan **215-429-3016**.

**Nou ta renmen tande w!**

Swiv nou sou rezo sosyal yo!

@PHLHlthPrepare
Philly Health Prepared
@Phlpublichealth

Department of Public Health
CITY OF PHILADELPHIA